


POSEDE PÒT LÈNMI AN

 Bonjou, tout moun. Mwen kontan retounen maten an nan tabènak la, pou priye pou moun malad yo jodi a. Dabitid, sè ke, nou eseye vini, de tanzantan, pou—pou priye pou moun yo ki soti nan diferant plas, pou lapriyè.

Epi bon nou pral pati trè byento, kounye a, pou reyinyon yo nan Kalifòni ak Kot Lwès la. E se sèten nou swete priyè w yo, pou Bondye ki nan Syèl la ka gen mizèrikòd pou nou lòt bò a epi ban nou bèl sèvis.

M fèk antre, yè, oswa yèswa, pito, byen ta. E jounen yè a se te youn nan . . . Ebyen, jounen avanyè a, ak jounen yè a, te youn nan jou ki pi makan nan vi m. La a, m te konn omwen de, ou twa, moun nan bilding lan ki te temwen de vini Seyè a, yè. E yon gwo, bagay mèveye te rive, m pap gen tan pou rakonte nou sa maten an. Men petèt Dimanch maten pwochen, anvan nou pati, petèt m ap gen tan, pandan Mesaj la, pou—pou m di nou li. Si Seyè a vle, m ap desann, omwen pou priye pou malad yo, dimanch maten. Nou ka vle pati vè midi, si sa posib, pou reyinyon San Jose a nan San Jose, Kalifòni. E si nou gen moun nan zòn lan, nan Kòt Wès la ki la a, sa ke, nou kwè, ki va petèt lè ke m t ap tann lan, depi lontan, chanjman k ap vini nan ministè m nan. E sa tèlman pwòch, ke m te panse li ta pral rive yè. E m kwè ke sa va rive byen vit kounye a, e sa ap depase byen lwen tout sa nou te wè ou tande, deja. Kounye a, sonje, sa se ENSI DI SEYÈ A. Ou wè? Alò nou jis ap tann sa, a nenpòt moman.

E nou dwe gen reyinyon an nan bèl plas pou kanpe a. M kwè ke se sa, pa vre, Gene? Nan bèl plas pou kanpe a nan San Jose, Kalifòni. E pral gen reyinyon pandan dis jou, depi le 20, jiska 29, nan—nan San Jose. Kounye a, jis sonje nou epi priye pou nou.

Kounye a nou gen apeprè, si nou vle soti a tan, apeprè inèdtan edmi kounye a, nou pral kòmanse sèvis nou pou priye pou malad yo epi nou pral pote Pawòl la. M chwazi, maten an, yon ti pasaj nan Lekriti, de kote nan Bib la, pou m pale.

Men anvan nou pale, annou bese tèt nou jis yon moman, pou lapriyè.

² Bondye ki fè gras tout bon an, nou apwoche ak imilite twòn gras Ou maten an, antanke timoun ki pa diy, men ki vini ak yon fwa san melanj nan Bondye, ke Sentespri a te ban nou, ak Prezans Li an pèmanans ki avèk nou, atravè yon pwomès Seyè Jezi te fè, kòmkiwa si nou ta vini avèk imilite epi nou ta mande nenpòt bagay nan Non Li, rekèt nou t ap akòde. Se poutèt sa, nou pa baze nou sou merit nou yo, paske nou pa gen anyen konsa, men nou refere nou a merit Kalvè a, kote Fis de Dye a te ban nou gras nou gratis. E nou apèn ka kenbe dlo nan je nou k ap rann gòj nou

sere, lè nou panse a noumenm, moun ki pa diy, e kòman ak gras Li sou Kalvè a Li te fè sa pou nou, pou nou te ka vin sitèlman pwòch Bondye, jiska menm etabli yon relasyon. E kounye a nou se pitit gason ak pitit fi pou Li.

³ E nou vini maten an, Seyè, anba ti do kay sa a, pou konsakre tèt nou, epi pou fè sèvis, ap konfese peche nou yo, epi—epi nan adorasyon Diven. Nou kwè W ap avèk nou pou ban nou yon vizyon esprityèl sou vini pwòch Ou, pou nou ka prepare kè nou chak jou pou gran evènman sa a ke n ap tann depi dè milye lane. An verite tout nati a ap jemi, ap kriye pou l ka libere. Epi lespri pa nou anndan nou, Seyè, ap konfese san rete, ke, “Nou se peleren e etranje, epi sa a se pa lakay nou, men n ap cache yon Vil Ke Konstriktè a e Achitèk la se Bondye.” N ap tann gran moman sa vini.

⁴ Seyè, nou pa vle bliye ke reyinyon sa yo, lè nou rasanble isi a, nou priye pou pitit Ou yo ki malad e aflije. E nou mande ke Ou rankontre avèk nou jodi a yon fason trè espesyal, pou geri tout maladi ak afliksyon nan mitan nou. E li posib, Seyè, ke pwomès sa a m te fèk sot pale de li anvan an, nan rankont avèk Ou la yè a, jis apre leve solèy la, epi jan W te konfime sa ankò e ankò. E nou santi ke lè a trè pwòch. E pèmèt ke sa a kapab jou a, Seyè, kote sa va rive, ke W ap chanje ministè a, Seyè, pou yon bagay ki va plis benefik pou pèp Ou.

⁵ E kounye a, Papa Bondye, nou p ap priye sèlman pou sa yo ki isi a, men pou sa yo ki dispèse atravè lemonn, ki gen bezwen, alafwa esprityèlman e fizikman. Ba yo, O Seyè, dezi kè yo, paske pitit Ou yo an difikilte nan jou sa yo. Presyon lènmi an tèlman fò, men Ou pi fò. Paske li ekri: “Sila ki nan ou a pi gran pase sila ki nan mond lan.” Se avèk sa n ap venk. Pale avèk nou atravè Pawòl Ou ki ekri. E lè n ap pati maten an, ke nou ka di tankou sa yo ki te soti vil Emayis, “Èske kè nou pa t ap boule anndan nou pandan L t ap pale avè nou sou wout la?” Nou mande l nan Non Jezi, Ki te bay pwomès la. Amèn.

⁶ Kounye a m ap li de kote nan Liv Jenèz la. Youn nan yo nou jwenn li nan chapit 24 la, kòmanse ak vèsè 56 la, nou li l konsa.

Epi li reponn yo, Pa ban m reta, Seyè a pa t fè m wwayaje pou gremesi; tanpri kite m al jwenn mèt mwen.

Yo di l, Bon ann rele fi a, ann mande l sa l di nan sa.

Yo rele Rebeka, yo mande, Èske ou vle ale ak nonm sa a? Li reponn: Wi mwen vle ale.

Se konsa yo kite Rebeka sè yo a . . . ansanm ak bòn ki te nouris li a pati, avèk domestik Abraham lan, . . .

Yo beni Rebeka, yo di l, sè nou, nou mande Bondye pou ou fè anpil anpil pitit, se pou pitit pitit ou yo bat tout lènmi yo.

⁷ E nan Jenèz 22, vèsè 15, nou li.

Zanj Bondye a rete nan syèl la, li pale ak Abraham yon dezyèm fwa,

Li di l konsa: Mwen sèmanste sou tèt Mwen, se Mwen menm Seyè a ki di sa, Mwen gen pou m' beni ou anpil poutèt sa ou fè a, Ou pa t' . . .-pa t refize ban mwen pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an:

Mwen pwomèt pou m' ba ou anpil pitit pitit, Yap tankou zetwal nan . . .syèl la, tankou grenn sab . . .bò lanmè. Ya bat tout lènmi yo;

Gremesi tout pitit pitit ou yo, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon. Wi, yo tout, paske ou te fè sa m' te mande ou fè a.

8 Kounye a ke Seyè a ajoute benediksyon Li yo sou lekti Pawòl Li yo. Bon m ta renmen pran, si yo ta rele sa yon tèks, sijè mwen maten an, dabò, se, “Eprèw anvan pòt ki te pwomèt yo.” Epi sijè sa se: *Posede Pòt Lènmi An*.

9 Bondye t ap teste patriyach la, paske Li te fè l yon pwomès. E lè Bondye fè yon pwomès, Li vle sèten ke moun sa diy pou pwomès la, anvan Li akonpli sa L di oswa sa L pwomèt. Kifè Li te pwomèt Abraham ke atravè semans li lemondn antye t ap beni, ke li t ap gen yon pitit gason. Epi, pitit gason sa a, yon Semans t ap soti de li ki t ap pral beni tè a an antye. E Abraham, lè yo te fè l pwomès la, li te gen swasannkenzan; e Sarah, madanm li, te gen swasannsenkan. Men Bib la di nou ke Abraham pa t doute de pwomès Bondye a, pa enkredilite, men li te djanm, ap fè lwanj pou Bondye. E Bondye, te teste l, tanzantan, men li te rive nan tè final sa a anvan benediksyon an te rive.

10 E se konsa sa ye avèk tout Semans Abraham. Bondye ban nou tè final sa jis anvan Li delivre pwomès la. E si sa te posib, m ta renmen di yon bagay isi a, ki pèsonèl, men m ap kenbe sa. Tès final sa a, se pou wè kijan n ap reyaji sou sa. E lè L te bay Abraham tè sa a, Li te jwenn Abraham jis osi fidèl ke lè l te kòmanse. Ala yon benediksyon sa t ap ye maten an si nou menm ki sezi pwomès gerizon Li a t ap rete osi fidèl ke lè nou te kanpe isi a epi aksepte l. Kèlkeswa sa doktè a di, jis rete osi fidèl.

11 E lè l te fè sa, epi li pa t janm refize sèl pitit gason l lan, e ke li te sou pwen anfonse kouto a nan lestomak Izarak, pou detwi temwayaj pa l. Li te temwaye, tout kote sou tè a bay sa yo ke l te abitye avè yo, ke li ta pral gen pitit gason sa a. Epi lè pitit gason an te vini, yo te mande l pou tounen dèyè, epi detwi sèl espwa li te genyen pou temwayaj li a te ka akonpli. E lè Bondye te wè ke l te fidèl a lafwa sa ke l te genyen nan Bondye, Bondye te vire gade depi syèl la epi Li te di: “M sèmanste sou tèt Mwen ke m ap beni w epi multipliyè w, e semans ou va posede pòt lènmi li.” Ala yon pwomès!

12 E Rebeka, ki te dwe manman pitit gason selèb sa, ki te pwomèt, ke yo t ap tann, lè yo te rele l pou tè final la, konsènan

yon nonm etranj ke l pa t janm wè anvan, li te sèlman wè zèw Sentespri a. E alò ke paran l yo pa t ka deside sèl si l ta dwe ale avèk etranje sa a ou non, pou l te vin madanm yon nonm ke li pa t janm wè, yo te mennen l devan tès final la. “Nou pral chache demwazèl la pou kite l pale. Nou va tandè nan bouch li si l prale, wi ou non.”

¹³ Se konsa sa sa fèt pou tout Semans Bondye. Li dwe vini de bouch ou. Bondye vle tandè l nan bouch ou.

¹⁴ Kifè lè yo te teste l, li pa t janm ezite yon minit. Li te di: “M prale.” Mwen renmen sa. Se pa, “Kite m fè m yon lide. Kite m reflechi ankò.” Li te konvenki konplèmantman. Se moun sa yo ke Bondye ka itilize, lè nou konvenki konplètman ke Bondye ap kenbe pwomès Li. Li te di: “M prale.”

¹⁵ E lè sa a moun li yo, te tèlman wenn, petèt yo pa t konsyan, men yo te pwofetize pandan yo te poze men sou sè yo, pitit fi yo; bèl jenn fi Jwif sa, pandan yo te mete l sou chamo a pou voye l nan yon peyi etranje, pami yon pèp etranje. Men yo te gen yon Bagay sou yo. Yo te di: “Se pou semans ou posede pòt lènmi yo. Se pou ou vin manman dè milye de milyon.”

¹⁶ E, jodi a, ras moun sa yo e pèp Bondye a etann de yon bout lanmè a lòt bout la, toutotou mond lan. Nan rezirèksyon sa y ap tankou pakèt zetwal nan Syèl la, tankou pakèt limyè klere sa yo k ap pran pozisyon yo, pandan y ap travèse syèl la. E lè y ap vini, y ap tankou pakèt lanmè bò . . . oswa tankou sab bò plaj. Va gen dè milye de milyon ladan yo.

¹⁷ “Semans ou va posede pòt lènmi li.” Sa se pwomès Bondye te fè ak sèman: “Semans Abraham lan.”

E, pa Sentespri Li, poutèt manman an te dwe fè pati de pitit gason an, tou, paske yo fè pati de chè a. Alò, Sentespri a k ap ajì atravè moun sa yo, te di: “Li . . . Se pou Semans ou posede pòt lènmi an.” Alò, Bondye te fè sèman Li t ap posede pòt lènmi an, alò nan ki pozisyon sa mete Legliz Bondye vivan an?

¹⁸ Nou se Semans Abraham. Paske, nou menm, poutèt nou mouri nan Kris, nou te, nou te vin Semans Abraham lan epi nou eritye avè l, anba menm pwomès ak sèman an. Nou se Semans Abraham lan, e nou se eritye tout pwomès yo te ba li. Men lè tès yo vini, se la nou echwe. Men m pa kwè ke vrè Semans Abraham lan ap echwe. Y ap rete osi brav e fidèl menm jan ak Abraham.

¹⁹ Kounye a nou wè ke Bondye pa ka di anyen oswa—oswa fè okenn pwomès amenske L akonpli l. Li oblije fè sa pou l ka Bondye. Plizyè lane pita, lè menm pèp sa a, pèp ki te gen pwomès la, semans Abraham lan t ap fè vwayaj yo a, pou al nan yon—yon tè pwomiz, te gen yon pòt ki te kanpe, kanpe kont li, e se te pwòp frè li, Moab, ki te di: “Ou p ap travèse teritwa m lan. M ap veye pou w pa travèse teritwa m lan.”

20 Li te reponn: “Si bèf nou yo manje zèb ou oswa si yo bwè dlo w, n ap peye w pou sa.”

Men li te ensiste: “Ou p ap travèse teritwa sa.”

21 Men pwomès Bondye a te kenbe fèm. Kifè yo t al chache pwofèt yo, Balaram, epi yo te fè l desann pou modi pèp la. E men sa l te di. Yo te eseye montre l pati ki pi mal nan semans beni an, men Bondye te montre l pati ki pi bon an. Li te di: “Nenpòt moun ki modi Izrayèl va modi, e nenpòt moun ki beni l va beni.” Alò baryè yo te tonbe e Izrayèl te travèse plèn yo. Bondye te pwomèt ke l ap posede pòt lènmi li.

22 Plizyè lane, apres a, te gen youn ki te vini ki te rele Danyèl, ki te nan liye Semans Wayal sa a, ak nan liye pwomès yo, paske li te Semans Abraham lan. E Bondye te chwazi l anvan fondasyon mond lan, pou l te pwofèt Li, e li te viv vanyan e li te viv fidèl. E menm nan yon peyi etranje, li te pran desizyon fèm nan kè l: “Mwen p ap souye tèt mwen avèk yo.” Sa se vrè Semans Abraham lan; k ap viv nan yon peyi diferan, k ap viv pami moun diferan, men poutan ki rete konsekans a pwomès sa. “Mwen p ap souye tèt mwen avèk yo. M ap rete fidèl.”

23 Bondye te teste l menm jan Li te fè pou papa l, Abraham. Epi wa a te di: “Oubyen w ap vin tankou youn nan nou pou ap adore fason n ap adore a, osinon m ap jete w nan yon fòs ki ranpli ak lyon grangou.”

24 Danyèl, tankou Abraham papa l, te di: “Ou mèt jete m nan fòs lyon yo, men mwen p ap koube devan ankenn imaj ou yo. Mwen p ap pran relijyon fòmèl ou a. M ap rete fidèl a Jewova.”

25 Epi konfwontasyon an te vini lè sa a. Wa a te kenbe pwomès li e li te pran pwofèt la, oswa li te fè yo pran l pou jete l nan fòs lyon yo. E lè lyon yo, lènmi Danyèl, te vare sou pwofèt la, Bondye te kenbe pwomès Li. Li te posede pòt lènmi li. Bondye te plase yon Anj la devan lyon sa yo, epi li te posede pòt la. Bondye kenbe pwomès Li. “L ap posede pòt lènmi li.” Bondye te di sa.

26 Apres a te gen twa lòt an plis anba la ki te angaje tèt yo pou rete fidèl a kòz la, yo te Semans Abraham tout bon, se te Chadrak ak Mechak ak Abèdngo, e yo te teste yo. Epi yo te deklare: “Si nou pa koube lè nou tandè ap la ap jwe ak son twonpèt yo, si nou pa koube devan relijyon pa nou an, epi elwaye nou de bagay ke n ap—ap defann yo! Epi nou tout gen tò, de tout fason. Relijyon nou an pa pi enpòtan ke relijyon nenpòt lòt moun.” Èske nou pa tandè sa tout tan? Men relijyon Jezikri a—a diferan. Pwisans rezirèksyon L lan diferan. Nou se yon pèp diferan, yon pèp espesyal, yon sasèdòs wayal. Bondye fè diferans lan.

27 Men lè yo di: “N ap oblije vin youn nan nou.” Sa t ap kòrèk pou Chadrak ak Mechak ak Abèdngo si yo te vle vin youn nan yo, men yo pa t ap janm vin youn nan etranje yo. Kounye a, yo te di: “Si nou pa fè sa, nou gen yon pòt deyò la ki mennen nan yon

founo, ke nou ka louvri epi jete nou ladann, e n ap regrèt ke nou pat vin youn nan nou.”

²⁸ Yo te sonje pwomès la. Yo te mennen yo desann toudwat nan founo byen cho a. E lè yo te louvri pòt la pou jete yo nan flanm dife yo, lènmi yo ta pral devore yo, yo te posede pòt lènmi yo. Bondye te voye Pitit Li nan flanm dife sa yo e li te refwadi brazye yo, pou ap pale avèk yo pandan yo te anndan la. Pwomès Bondye a kenbe fèm. Yo te posede pòt lènmi an. Yo te teste an premye, apres a yo te posede pòt lènmi an.

Èske se pa t Jezi Ki te fè pwomès la? “Si nou menm ofanse youn nan ti piti sa yo, li ta pi bon pou nou ke yo pandye nan kou nou yon wòch k ap vire moulen pou yo ta nwaye nou nan fon lanmè. Pa menm ofanse ti piti sa yo ki kwè nan Mwen. E siy sa yo va swiv sa yo ki kwè nan Mwen.”

²⁹ Li te fè yon diferans. Li te montre sa k te kwè ak sa k pa t kwè.

La, kòm toujou, gen twa gwoup moun, ki se: enkwayan, swadizan kwayan, ak kwayan. Men Bondye gen yon fason pou pwouve kiyès ki kwayan. Kwayan sa kenbe fèm sou sa Bondye di ki Verite. Wi.

³⁰ Se te Eli, moun lavil Tichbe, lè sa te rive nan yon konfwontasyon, jiskaske l te panse ke li te sèl nan nasyon an ki t ap viv ankò pou Bondye. E wa a ta pral mete l anba yon eprè. E yo pèsekite l. E ti rèn, makiye sa a, ki te rele Jezabèl, te menase vi li. E lè konfwontasyon an te rive, Eli te posede bann pòt lènmi li pou l te fè tout nasyon an nèt tounen vin jwenn Bondye ankò. Bondye kenbe pwomès Li.

³¹ Se te Moyiz, apre l te vin nan liy Semans wayal la tou, Semans Abraham lan, lè yo te voye l nan peyi Lejip, pou delivre timoun Izrayèl yo; e Bondye te ba l siy ak bèl mèvèy pou l akonpli, tankou frape tè a, pou fè parèt krapo, ak pis, epi tenèb, ak lagrèl, epi lapli, ak dife, e li te fè tout mirak sa yo. Poutan, lè l te fè yo soti ak men Jewova, vin rive yon moman kote li te rankontre pòt ant limenm e latè pwomiz la. Te gen Lanmè Wouj la, yon obstak sou wout la. Lame Farawon an, mòn yo, dezè yo, ak Lanmè Wouj la te ansèkle yo. Men Moyiz te avanse e li te posede pòt lènmi li, epi li te travèse Lanmè Wouj la, a pye sèk, pandan l t ap mache sou yon wout ak pousyè. “Li va posede pòt lènmi an.” Bondye te di sa, e sa te regle kesyon an.

³² Se te sèlman kèk ane pita ke eprè yo te vini, e legliz la te ebranle nan tout sans, jan sa tèlman fasil pou rive yon kongregasyon moun lè yon bagay jis sanble pa rive jan l te sipoze rive a. Bondye fè l konsa. Bondye mennen tansyon nan legliz, “Tout pitit ki vin jwenn Bondye dwe teste, ak pwouve, epi teste.” Li pèmèt maladi frape w. Li pèmèt aflikasyon vin sou ou, pou teste w epi pou fè w andire, pou montre mond lan ke w se Semans Abraham tout bon an. Li pèmèt sa pa Pwòp volonte L. Li pèmèt

dezas. Li pèmèt zanmi tounen kont ou. Li pèmèt tout bagay sa yo, epi lage dyab la, pou tante w. E li va fè tout bagay sòf pran lavi w. Li ka voye w sou yon kabann aflikasyon. Li te ka vire vwazen w yo kont ou. Li ka vire legliz la kont ou. Li ka fè apeprè nenpòt bagay, e se volonte Bondye pou l fè l. Yo anseye nou ke sa pi presye pase lò, pou nou.

³³ Epi konsènan Abraham ak Izarak, sou montay la, sila yo te bay pwomès la? E poutèt lwayote ak konesans li, ak fwa li nan Jewova, se atravè sa, e sa sèlman, ke Bondye te gade anba pou di: “Semans Li va posede pòt yo. Mwen te sèman sou tèt Mwen ke m va fè bagay sa yo.” Pa gen pèsonn ki pi gran Li te ka pran pou fè sèman, men Li te sèman sou tèt Li.

Alò, si L te pèmèt Abraham sibi tès jiska pwen final sa, Li dwe teste oumenm avè m jiska moman final sa, tan desizyon sa kote tout bagay lwen nou. Ou dwe kanpe poukont ou la. Alelouya! Se fini.

³⁴ Kanpe poukont ou. Mache deyò la pou ap di: “Menm si L touye m, m ap fè L konfyans.” Sa se Semans Abraham lan. Se Sila ki fè pwomès la. “Kèlkeswa sa rès lòt yo di, sa rès lòt yo fè; mwenmenm ak kay mwen, n ap sèvi Bondye.” Li te di: “Si rès lòt yo deklare: ‘Pa gen anyen nan eksperyans lan. Se yon bann eksitasyon’; mwenmenm ak kay mwen, n ap sèvi Bondye.”

E m renmen refere a Pòl la menm, pou di: “Dapre fason ke yo rele ‘foli a’ se konsa m adore Bondye zansèt nou yo.”

“Menm si move lang antre nan legliz, menm si genyen k ap defòme, e menm si gen tout kalite fo pwofèt ak tout kalite bagay k ap antre nan legliz pami moun yo, epi nan vwazinaj la ak tout bagay konsa; men pou mwenmenm ak lakay mwen, n ap sèvi Seyè a. Menm si yo tout sispann vini, e menm si legliz vin frèt, endiferan, mwenmenm ak kay mwen, n ap sèvi Seyè a. Menm si yo te priye pou yon moun epi li pa t geri; sa pa gen anyen pou wè ak sa; pou mwenmenm ak kay mwen, n ap sèvi Seyè a.” Tès ak eprèw yo.

³⁵ Lèzòm pa enfayib, men Bondye enfayib. Lòm, ou met panse w sou yon nonm, li va fè yon erè. Petèt li pa fè ekspresyon, men l ap fè sa. Bondye pèmèt li fè sa pou Li ka deplase fwa nou soti nan lòm. Fwa nou pa nan sajès lòm, men nan pwisans rezirèksyon Jezikri. Se la kote vrè Semans Abraham lan repoze pwomès li yo. Paske, yo ka sèlman vin Semans Abraham lan lè yo resevwa Sentespri a. San Sentespri a yo pa Semans Abraham lan. Menm fwa sa ki te nan Abraham lan antre nan kwayan an. Kèlkeswa sa k rive oubyen jan sa kontrè a, kwayan an ap kontinye vanse.

³⁶ Espyon yo te retounen epi yo te di: “O, se—se foli pou eseye. Pa gen okenn nesèsite pou al pi lwen, paske moun sa yo se dè jeyan lòt bò la. Epi yo gen gwo gouvènman, e yo—yo gen lans, e, franchman, nou menm sanble krikèt bò kote yo.”

37 M pa konnen, men mwen konvenki la ke Jozye te jis yon ti bout tonton piti, jis yon ti bout tonton, yon ti kanmarad. M ka wè l ki sote, sou—sou yon jan de bwat, e li te di: “Mesye frè m yo,” pou de milyon moun, “nou plis ke kapab pou pran yo.” Ou wè? Poukisa? Se te Semans Abraham lan. Bondye te fè pwomès la. Se te posesyon yo. Bondye te fè pwomès la. Kèlkeswa sa opozisyon an te ye, vrè Semans Abraham lan te di: “Nou ka pran l paske Bondye te ban nou l.”

38 Men pozisyon nou maten an. Men pozisyon Legliz Bondye vivan an. M pa bezwen konnen sa nenpòt lòt moun ap di, sa doktè a di, sa nenpòt bagay, sa enkwayan an di, nou ka fè fas a nenpòt bagay ki prezante. Nou se Semans Abraham, e nou va posede pòt lènmi nou an, kèlkeswa sa lènmi an ye a. Bondye te fè pwomès la. Se te pou yo, sete posesyon yo.

39 Gerizon se posesyon nou. Sali se posesyon nou. Sentespri a se posesyon nou. E gen de gran, dè milye de predikatè e elatriye nan peyi a jodi a, ki di: “Se pa sa.” Men Semans Abraham lan konnen ke se konsa. Yo pase a latak epi yo posede pakèt pòt lènmi an. Bondye te di yo t ap fè l. Yo kwè l paske se yon pwomès. “Semans li va posede pòt lènmi an.” Sèlman nou va pase pa dè tès, dè zeprèv.

40 E Jozye te kanpe la, fidèl. Ti kanmarad la te di: “M pa bezwen konn kijan yo enòm. M pa bezwen konn ki jan de lans yo genyen, kijan miray vil yo wo, e kijan sa ekstraòdinè. Pwomès nou, se sa, ‘Semans pitit Bondye yo va posede pòt la,’ e n ap travèse pou pran yo. Nou plis ke kapab pou yo.” O, sa se vrè Semans lan.

41 Anpil nan yo ki te ne, semans natirèl, te di: “Nou jis pa ka fè l. Pa gen okenn nesosite pou eseye. Ou wè, yo plis pase nou. Yo siperyè pase nou; nou tout bagay.” Pe enpòt, li pa t ap . . . Yo t ap gade . . . sa je te wè. Jozye t ap gade sa Bondye te di.

42 Semans Abraham lan pa gade okenn nan bagay natirèl yo. Yo gade sa Seyè a di. Sa se pwomès la. E si Abraham t ap gade sa k natirèl la? yon fanm ki gen san lane . . . Katrevendis, manzè te genyen. E limenm li te gen santan. E li te viv avè l depi li te yon ti fi, e limenm te yon ti gason, san okenn posterite. Li pa t gade bagay sa yo. Li te di ke l te konsidere bagay sa yo kòm si yo pa t la, paske li t ap gade sèlman sa Bondye di. “M ap beni w, Abraham, e m ap ba w yon posterite pa Sarah.” E li te kwè sa. Nou pa gade opozisyon an. Nou gade sa Bondye di. Bondye te di l, se fin eksplike.

43 Kifè lè l te rive nan Jouden an, lè yo te fè Jozye kòmandan an chèf lame a, epi yo te rive jouk nan limit dlo a pou yo te ka gade lòt kote a epi wè Jeriko. Men, nan mitan yo, pandan Jozye te gen lame li prè, te gen yon pòt. Pòt sa te rele Jouden.

Men pwomès Bondye a bon pou tout pòt. Kèlkeswa pòt li ye a, pwomès Bondye a sifi. “L ap posede bann pòt lènmi li.” Se fin eksplike.

Lè l te rive devan Jouden an jou maten sa a, petèt, kite m kwè ke dyab la te gen nyaj loraj sispani toupatou, gwo vye dlo labou yo k ap woule desann, chan yo te baleye ak inondasyon. O, ala yon moman eprèv! Men Jozye te di: “Prepare nou, nou pral wè glwa Bondye.” Epi yo te sanktifye tèt yo epi yo te prepare yo, t ap prepare yo lè tout bagay te sanble kontrè. Men se te Semans Abraham lan, ke Bondye te fè sèman: “M ap ba li pòt la.” Li te rive devan Jouden an, se te pòt pa l, e li te posede l.

⁴⁴ Youn nan jou maten sa yo m ap obliye rive nan dènye pòt sa tou. Nou dwe desann nan Jouden an, men Semans Abraham lan va posede pòt la. Kèlkeswa sa l ye a, l ap posede pòt tout lènmi.

⁴⁵ Tout mesye sa yo te dè granzòm. Yo te mouri nan liy lan. Men, finalman, yon jou nan Betleyèm Jide, Semans Wayal la te ne. Kote, tout lòt yo te jis lonbraj. Semans Wayal la te ne, non apati de yon nonm. Men Li te ne de yon vyèj, ak pwisans lan nan venn Li yo, pou konkeri lanmò ak lanfè. Bondye te fè yon pwomès. Yon nonm òdinè pa t ka fè l. Men si Bondye fè yon pwomès, Li toujou menm Bondye ke L te ye kèk minit anvan, avèk Abraham, Jewova-jire, Seyè a va founi mwayen pou posede pòt la. Kijan n ap fè l? Jozye te mouri. Moyiz te mouri. Lòt rès yo te mouri. Men Bondye te di: “L ap posede pòt lènmi li.” Kijan l pral posede lanmò? Li gen yon fason pou fè bagay yo. “L ap posede pòt lènmi li.”

⁴⁶ Semans Wayal la te ne. Li te sibi tantasyon nan tout sans tankou nou. Jis jan nou dwe tante, se konsa L te tante. Dyab la byen vit te mennen L, lè L te resevwa Sentespri a, nan dezè a pandan karant jou ak karant nwit, pou sibi tantasyon. E lè L te reyisi soti . . . E lè L te mouri, yo te anfonse klou nan men L, e yo te krache nan figi L. Li te pase atravè chak maladi. Men lè L te isi a sou tè a, Li te pwouve ke L te ka konkeri maladi. Lè bèlmè Pyè te kouche malad, ak yon paralizi, Li te touche men l epi lafyèyè la te kite l. Lè moun ki te gen lèp la te kriye nan pòtay la: “Enpi! Enpi! Si W vle, Ou ka geri m.”

⁴⁷ Li te reponn: “Mwen vle sa. Se pou w geri.” Li te konkeri e li te pran pòt lalèp. Li te pran pòt lafyèyè.

Li te fè tout nati obeyi L. Li te Semans Abraham lan, Semans Wayal la, Sila yo te bay pwomès la; pou Limenm, Abraham ak tout Semans ki te swiv li, jiska Semans Wayal la, ak tout Semans apre Li. pwomès Bondye a se verite. Li te konkeri maladi.

Li te konkeri tantasyon. Lè lènmi an te krache nan figi L, te frape machwè L, Li te vire lòt bò a. Lè yo te rache bab nan figi L epi krache sou Li, Li pa t janm replike. Li te konkeri pòt tantasyon an e Li te posede l.

⁴⁸ Aprea w ap di: “Move karaktè m pa p mwen fè sa.” Ou menm, Semans Abraham, wi, mesye, Li te konkeri l pou ou.

⁴⁹ Lè yo te joure L, Li pa t joure reponn. Lè yo te pase L nan betiz, Li te fè silans pou tèt Li. Lè yo te rele L yon dyab, Li te fè

silans. Li te gen yon sèl enterè, se te zafè Papa a, e se sa L t ap fè. Apresa, finalman, yo te mennen L sou yon kwa. Lanmò te dwe fè L fas. Tout lòt yo te konkeri lanmè, e yo te konkeri lanati, e yo te konkeri lyon, e yo te konkeri dife. Yo te konkeri tout bagay eksepte lanmò. Men la te gen Youn, ki te gen ap koule nan venn Li, la, pouvwa pou konkeri lanmò. Kifè yo te pran bra L yo epi yo te etann Li pou yo te klouwe L sou yon kwa. Yo te bat Li epi yo te frape L jiskaske zo L yo te soti ap gade L. Men lè yo te fè sa, e lè yo te fè tout sa yo te ka fè, lanmò te frape L, te di: “Kounye a m ap pran W tankou m te fè pou Jozye. M ap pran W tankou m te fè pou Danyèl. E m pral fè tout bagay sa yo, paske m ap fè W mouri.”

50 Epi Li te mouri jiskaske solèy la te wont tèt li. Li te mouri jiskaske lanati te vin wont e li pa t ka opere. Solèy la te kouche nan mitan jounen an. Zetwal yo pa t ap soti. Li te mouri jiskaske eleman yo te tèlman sonb ke w pa t ka wè men w devan w, nan mitan jounen an. M ap imajine lanati ki te di: “Kite m mouri avè L.”

51 Frè! Lè sa dyab la te voye nanm presye Li nan twou san fon lanfè. La a pòt yo te louvri, men Li te soti sou twazyèm jou a, te konkeri l. Amèn. “Semans li ap posede pòt lènmi an.” Li te konkeri lanmò! Te konkeri lanfè. Nan premye maten Pak sa, Li te konkeri tonbo. Kounye a nou kanpe, plis ke venkè, atravè Sila Ki te renmen nou an.

52 Nan Jou Pannkot la Li te voye Sentespri a desann, pou kontinye, atravè moun lòt Nasyon yo, pou fè soti yon Semans pwomès. Pou bay moun lòt Nasyon yo, moun ki te bani yo, pou ba yo batèm Sentespri a, pou mennen yo nan Pwomès la. Kounye a nou gen dwa konkeri tout maladi. Nou pa bezwen konkeri l; li deja konkeri. Nou jis dwe reklame pwomès la epi al pran l. Li deja konkeri. Lanmò te konkeri. Lanfè te konkeri. Maladi te konkeri. Tantasyon te konkeri. Tout demon yo te konkeri. Lanfè te konkeri. Lanmò te konkeri. Tonbo te konkeri. Nou kanpe nan pòt la, ap posede l, nou pa oblije tire yon sèl bal. Sa te deja peye.

53 Lènmi li, l ap posede pòt lènmi li. Ki kantite? Plizyè milye de milyon; l ap posede pòt lènmi li, chak lènmi. Li te resisite nan lanmò. Nou posede l paske Li te ba nou l. Tout sa se yon kado gratis, anplis de tout sa, ak tout bagay ke L fè, pou te konkeri chak pòt. Li te konkeri maladi, te posede pòt la. Sèl bagay nou dwe fè se mache al nan pòt la, pou di: “Nan Non Jezikri, Konkeran an!” Amèn.

54 Lè lè a rive pou mouri, epi lanmò di: “Gade m k ap fè l renye relijyon l lan.”

55 “Nan Non Jezikri de Nazarèt, Jouden, fè bak!” Semans Abraham lan posede pòt la.

56 Poukisa, Pòl te di, lè yo te sou pwen koupe tèt li, yon Semans Abraham, li te di: “Lanmò, kote pikan w lan? Tonbo, kote viktwa w? Mèsi pou Bondye Ki ban nou viktwa atravè Jezikri.”

57 L ap posede pòt lènmi li, posede l. Kounye a, yo pap bat li nan pòt la. L ap konkeri l epi l ap pran l. L ap posede l. Sa nan pwòp pouvwa pa l.

58 Nan Legliz Bondye vivan an, maten an, nou jwenn pwisans pou geri tout maladi. Nan Legliz Bondye vivan an nou jwenn pwisans pou venk tout tantasyon. Nan posesyon Legliz Bondye vivan an, maten an, nou jwenn pwisans pou anchennen peche epi voye l lwen, epi resevwa batèm Sentespri a, nan Legliz Jezikri a.

“Kèlkeswa sa w vle a, mande l nan Non Mwen, e yo va ba ou l. Yon ti tan ankò, e lemonn (sa k pa Semans lan, semans ki pa rejenere a) pap wè M ankò. Poutan n ap wè M, paske M ap avèk nou, menm nan nou, jòk nan fen mond lan.” Kisa? Semans Wayal la. “Zèv ke m fè yo, nou va fè yo tou. M ap asire Mwen menm ke Mwen avèk nou, paske siy sa yo va swiv sila yo ki kwè.”

L ap posede semans lènmi li. L ap posede l. Semans li ap posede pòt lènmi li, kèlkeswa sa pòt la ye a. Si se maladi, tantasyon, peche, kèlkeswa pòt li ye a, li te konkeri. E Semans Abraham lan posede l.

59 Èske nou pa kontan, maten an, pou konnen ke nou kanpe kounye a plis ke venkè? Plis ke yon konkeran! O, pa gen rezon pou goumen. Batay la fini. Siflèt la te soufle. Drapo a te leve. E nan mitan chak pìl peche, nan mitan chak chanm ak maladi, ou jwenn vye kwa wobis la, ki plante ak San Jezikri, yon Konkeran. Sèl bagay nou fè se kwè, gade epi viv.

“M ap avèk nou. M ap pwouve l. Moun vini nan dènje jou yo, pou ap di: ‘O, ebyen, bagay sa a te.’ Men m ap avèk nou. E menm bagay mwen te fè yo, la sou tè a, m ap anndan nou, pou ap fè menm bagay la. Lè sa y ap konnen. Y ap wè M. An . . . Pèp pa M nan va wè M. Semans Abraham lan va wè M. Y ap konnen M. Y ap rekonèt Mwen. Lòt yo va rele M, ‘Bèlzeboul,’ jis jan yo te fè a. Men n ap konnen M, paske M ap avèk nou. N ap wè M, n ap wè ak je nou. N ap wè M, paske M ap avèk nou, jòk nan fen mond lan, menm bagay yo ke M te fè yo. Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo l ap fè yo tou, menm kalite zèv.”

60 E, jodi a, Legliz Bondye vivan an gen privilèj pou kanpe epi wè venkè a, Jezikri resisite, Pitit Bondye vivan an, ki kanpe prezan, k ap viv nan Legliz Li, ap fè menm bagay Li te fè lè sa a. Alò nou posede pòt chak lènmi.

61 Si nou gen yon lènmi maten an, alò, frè m lan, gen sèlman, si nou se yon Semans Abraham, apre nou fin tande sa, pa gen ase demon nan lanfè ki ka kenbe pòt sa devan nou. L ap louvri. M pa fè ka de sa l ye. Mache al la, antan ke Semans yo te pwomèt, pou di: “M reklame sa pou se pa m. Sa se pa m, paske Bondye te sèman ke L t ap resisite Jezi, epi, atravè Jezi, m t ap konkeri sa.

M vini nan Non Konkeran sa, Jezikri. Fè bak. M ap pase.” Amèn. “Li va posede pòt lènmi an.” Alò kanpe la, ak zepòl ou pa dèye epi boukliye w byen klere, kouvri ak San Seyè Jezi a. Lènmi an va rekonèt sa.

⁶² Si nou gen bezwen, pale avè L kounye a pandan n ap priye, nou menm anndan la, maten an, pandan nou gen tèt nou bese. E si nou gen yon bezwen, èske nou ka jis leve men nou nan direksyon Jezi? Epi jis eksprime l nan kè w, nan kè w, epi di: “Seyè, Ou konn bezwen m. Kounye a, m tandè, maten an, e sa se Bib la, ‘Li va posede pòt lènmi an.’ M ap vin pou posede pòt la. Petèt m gen yon move tanperaman. Petèt mwen bezwen Sentespri a. Peche te mare m. Mwen nan bezwen. Men m ap vin bò pòt la kounye a. Mwen pral pran l, maten an, pòt pa m nan. Kifè, fè plas, m ap pase.”

⁶³ Seyè beni, Ou wè tout men sa yo. E Ou konnen sa a se Pawòl Ou, Seyè. Mwen jis site L, e m te montre pa Lèzekriti. Pèsounaj nan Bib yo, jan yo te venk wayòm epi egzèsè lajistis, epi etenn dife, gwo chalè dife, epi chape tranchan epe, epi fèmen bouch lyon, e, o, anplis, jan fanm aje yo te retwouve mò yo ki te rejwenn lavi, e plizyè bagay, paske Ou te pwomèt li. Se pwomès Ou, “Semans Li.” “Semans ou, Abraham, va posede pòt lènmi an.” E Ou kenbe pwomès Ou.

⁶⁴ Kounye a ba yo, Seyè, dezi kè yo. Se pou yo soti isi a yon lòt moun. Se pou yo ale, yo konsyan ke yo se—yo se dè konkeran, paske Semans Wayal la te konkeri pou yo. Wa Siprèm lan, lè L te vini, ne de yon vyèj, Li te konkeri tout ènmi, menm lanmò. Kifè lanmò limenm pa ka fè Semans Abraham lan pè. Nou gen pwomès ke n ap eritye tè a, e ke n ap retounen ankò yon jan ki pi gloriye, nan yon kò glorifye, apre dènye lènmi an fin plase anba pye, sèl epi dènye pitit Bondye ki va antre nan Wayòm lan.

⁶⁵ Si gen nan sa yo ki gen men yo anlè, Seyè, ki se pechè, sove yo. Sila yo k ap retwograde, fè yo konnen ke yo pa oblije rete yon retwograd. Li ka posede pòt retwograde sa. Petèt sila ki gen yon move tanperaman, yon—yon lang vilgè, sal, oswa yon kè k ap konvwate, oswa yon moun kripya, sou zafè lajan, oswa—oswa kèk bagay sal, fè yo konnen ke yo ka posede pòt sa. Petèt se maladi, Seyè, aflikasyon. Yo ka posede pòt sa, “Paske Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou. chatiman pou lapè nou te sou Li, e ak mak sou kò L yo nou te geri.” Nou se dè konkeran, maten an. Akòde l, Seyè.

E anplis de tou sa, gwo zèv Li te akonpli, poutan Li avèk nou. Poutan, Li te pwomèt Li t ap fè sa. “Yon ti tan ankò e mond lan p ap wè M, poutan n ap wè M; paske m ap avèk nou, menm anndan nou, jouk nan fen aj la.” Mwen priye, Papa, ke W va revele tèt Ou bay chak moun, maten an. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

⁶⁶ Èske nou kwè sa kòm kwa se Laverite? Kwè tout bon ke se Laverite, san yon sèl dout nan kè nou. Kounye a jis sonje sa. Aksyon Sentespri a tèlman senp ke li twouble panse entelektyèl la. Bagay ki pi senp ke m te janm . . . Mwen te wè Sentespri a ap fè sa. Mwen ta di bagay ke, enben, mwen pa t ap panse ke se fason sa. Si m te dwe itilize pwòp entelijans mwen, m t ap di: “Ebyen, sa pa ta ka kòrèk.” Men li toujou kòrèk. Li fè bagay yo jis tèlman senp. E Li fè bagay yo pou revele tèt Li a moun Li yo. Bondye avèk pèp Li. Li nan mitan pèp Li. Li renmen yo. E Li vle fè pou yo, epi ede yo; epi jis fè yo konnen, pa sa Li *pral* fè, men sa Li *te* fè. Li deja fè l. Se pa nou. Se posesyon nou. Se yon don gratis ki vin de Bondye Papa nou, pou Legliz Li.

⁶⁷ Kounye a ala panse entelektyèl la pral tèlman brouye, tankou nan epòk Danyèl, ak nan epòk timoun Ebre yo, e—e tout sa yo ke nou te pale de yo maten an. Ou wè, gwo mond entelektyèl nan epòk sa a te jis osi difisil pou venk ke li ye kounye a. Se te toujou lènmi an, a fason wè pa yo, epi syans modèn pa yo ak bagay sa yo, te jis osi konplike epi bagay konsa, pou panse a lè sa, nenm jan ak pa nou jodi a. Ou wè, se te menm bagay la. Men te gen sila yo, toujou, ki te oze rete la pou di: “Bondye gen rezon. Pawòl Bondye a se verite.”

⁶⁸ Epi, nou menm, nou pa oblije konkeri, paske Li te konkeri. Sèl bagay nou dwe fè se jis vanse epi pran l, kanpe nan pòt la, di: “Se pou mwen. Sa se pa m. Bondye te ban mwen l, sali m lan. Si m vle Sentespri a, Bondye te ban mwen l. Pwomès la se pou mwen, pou timoun nou yo, pou tout sa ki byen lwen, an otan ke Seyè a va rele.” Se poutèt sa mwen kanpe. Jis . . .

⁶⁹ Ministè m lan, disènan sa e latriye, l ap fini byento kounye a. O, sa va toujou la. Men l ap fini sa byento, paske sa pral vin yon bagay ki pi gran. Ou wè? Sa ap monte; sot nan pran men an, jiska disènan, epi la li sou pwèn pou fè yon lòt. Ou wè? Ou wè sa. Obsève l epi rekonèt ke se vre. Ou wè? M konnen se Laverite. E sa pral pi gran, pi elve, pi byen. Se sèten. Enben, Li te pwomèt sa. E sa l pwomèt, Li fè l. Li pa ka echwe nan pwomès Li. E kisa sa ye? Prezans toujou vivan Li avèk nou, pou ke, pou fè nou konnen ke Li te posede pòt la pou nou.

⁷⁰ Li te Semans Wayal la. Pèsonn pa ka pran pòt sa yo ke Li. Tout sa yo lè sa a se te lonbraj vini Li. Men lè L te vini, sa te mete fen a tout batay la. Batay la te fini Jetsemann epi sou Kalvè. E kounye a nou jis kanpe, kòm venkè. Pa gen okenn batay k ap fèt. Nou . . . Batay la fini. Nou jis te posede l, yon tit pwopriyete sou li. Yon garanti Bondye ekri, Papa nou, Ki te leve men l, pou di, “M ap sèman sou Tèt Mwen ke Semans li a va posede pòt lènmi an.” Men ni. Li te deja pran l. “Li *te* blese pou transgresyon nou yo. Avèk blesi Li yo nou *te* geri.” Sa te deja akonpli. Se yon zèv ki fini. Nou jis posede l. “E zèv ke m fè yo, nou va fè yo tou.” Wa a avèk nou, maten an. Gwo benediksyon li yo, Sentespri a, k ap deplase sou nou. Pou pran sansasyon gloriye sa a, pou konnen ke

se egzakteman ak . . . nan liy ak Pawòl Bondye a. Sa ban nou yon mèveye konsolasyon, pou konnen ke—ke Bondye se Papa nou.

⁷¹ Kounye a, m kwè, èske li—èske li te distribye kat priyè maten an? M te di l, se annòd, si te gen jis moun tabènak yo, ebyen, pou pa bay okenn kat priyè. Men si te gen—te gen jiska dis, kenz moun, ou yon bagay konsa, etranje nan mitan nou, ebyen, pou distribye kat priyè, pou nou te ka mennen yo epi priye pou yo. Konbyen etranje ki avèk nou maten an? Leve men nou. O, la la! Se sèten. Gen kenz ou ven nan sa yo. Trè byen. Nou pral aliye kat priyè sa yo epi mennen yo sou estrad la. Ou wè, rezon ki fè m te di konsènan moun “tabènak” yo, yo isi a.

⁷² Disèneman sa, sonje, m ap di sa, disèneman an pral rive nan fen l byento, pral gen yon bagay tèlman pi gran e tèlman miyò, li deja nan wout. Te gen, dapre sa m konnen, wè nou k ap gade de frè kounye a, ki te kanpe avè m yè, lè sa te rive, ou wè, e jou anvan, lè sa te rive. E sa fè twa fwa swivi, kounye a, sa te rive, yon konfimasyon ke sa toupre kounye a, ou wè, li sou pwèn rive.

⁷³ Kounye a, Seyè, Ou se Bondye, e nou se sèvitè W. Nou di W mèsi pou Pawòl Ou, pou Sentespri a, Ki te beni kè nou. E kounye a nou kontan. Nou chita isi a, nou konnen ke nou se venkè. Nou deja posede tout pòt lènmi an. Yo te ban nou l, e nou gen kle paspatou a nan men nou. Non Jezikri va de- . . . ouvri tout pòt lènmi an. Pran kle sa, kle Non Jezi a, epi de- . . . louvri tout pòt lènmi ke nou te elwaye de tout pwomès.

E, Bondye, maten an nou vini nan Non Jezi, ak kle sa, pou louvri pòt yo pou malad ak aflije yo. Paske sa ekri nan—nan Pawòl Li: “Nan Non Mwen yo va chase demon. Yo va pale ak nouvo lang. E si yo met men sou sèpan, oswa bwè nenpòt bagay mòtèl, sa pap fè yo mal. Yo va poze men sou malad e malad yo va geri.” Nou konnen ke bagay sa yo vre. Epi akòde, maten an, Seyè, ke yo va, moun yo ap ka rekonèt ke, atravè manifestasyon Pawòl ki fè L chè a epi ki abite pami nou an, ke, “Li te blese pou transgresyon nou yo; ak blesi Li yo nou te geri.” E se pou yo aksepte sa epi geri, maten an, de tout maladi ak aflikasyon epi pwoblèm pa yo. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

⁷⁴ Èske w vle jwe, Teddy, *Kwè Sèlman*, tou dousman epi lantman, tanpri.

E kounye a? Èske w te kòmanse apati de en? Nimewo en, kat lapriyè. En, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, ou kèlkeswa sa ki genyen an. Trè byen. Èske nou ta vle jis tou dousman, si nou ka leve, vin sou bò kote sa.

[Yon frè di: “Konbyen w te rele?”—Editè a.] Hen? [Yon moun di: “Se sa. Se sa.”] Apeprè . . .

Ann wè, nimewo en, nimewo de. Kimoun ki gen kat priyè nimewo en? [Yon frè di: “Mwen genyen l.”—Editè a.] Ya. Nimewo de. Trè byen, mesye. Nimewo twa, nimewo kat, nimewo senk, nimewo sis, nimewo sèt, nimewo uit, nimewo nef, nimewo dis.

⁷⁵ Pandan y ap fè chemen yo pou pran pozisyon sou pye yo, M ta renmen poze kesyon sa a kèk nan rès nan nou yo. Konbyen moun, èske gen yon moun tabènak la isi a, ki malad? Moun tabènak yo, leve men nou. Apeprè senk . . . kat, senk, sis, sèt, uit. Uit oswa nèf men. Èske gen yon moun isi a nan tabènak la, ki pa fè pati de tabènak la, yo se etranje ki avèk nou, menmsi nou te ka antre apre sèvis la e nou pa t jwenn yon kat priyè? Èske nou vle leve men nou? Nenpòt moun ki bezwen Bondye, ki pa . . . ki—ki pa fè pati de tabènak sa. Nenpòt moun isi a ki pa manm tabènak sa, e—e poutan ou malad epi ou pa gen yon kat priyè, ou vle yo sonje w nan lapriyè? Èske w vle leve men w, chak moun? Trè byen. Se byen. Trè byen.

⁷⁶ Kounye a m pral mande nou pou nou gen otan respè ke posib, pou jis yon—jis kèk minit, epi apre sa n ap kòmanse touswit. Kounye a ann wè. Konbyen plas ou rete la, Billy? Trè byen. Èske sa gen nimewo dis la anwo la? M te rele enna dis.

Onz, douz, trèz, katòz, kenz, ke yo leve kounye a. Si yo gen nimewo dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz, ke yo leve. Trè byen. Youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, onz, douz. Manke apeprè de ankò, de enna kenz. (. . . ? . . . sèt, uit, nèf, dis, onz.) Kenz, sèz, disèt, dizwit, diznèf, ven.

⁷⁷ O, tann yon minit. Mwen—mwen te di l bay kat priyè jis a moun ki pa fè pati de tabènak la. Se vre. Ou wè? Paske, se pral, ou wè, disènan. Moun yo va di: “Moun sa yo fè pati de tabènak la.” Ou wè? Mwen—m ap di nou. Konbyen ki vin la . . . ki pat janm vin isit la anvan? Ann wè men nou, sa yo ki pat janm nan youn nan reyinyon m yo anvan. Trè byen. Trè byen.

Bon, trè byen, jis yon moman kounye a, Frè Teddy.

⁷⁸ Kounye a m ka di sa, ke, nou tout tande pale de reyinyon yo, kijan sa mache, omwen, pa vre, tout moun te deja asiste reyinyon yo? Ou wè? Lè Seyè Jezi nou an te isit la sou tè a, Li pa t pretann ke li se yon gerisè. Li te Semans Abraham lan, sètènman, e Li te gen pwomès la avè L. Li te di Li pa fè anyen jouk Papa a te montre L. Èske se vre? Epi Li di: “M pa ka fè anyen jouk Papa a montre M kisa pou m fè.” E Li te wè l pa . . . Non pa “jouk Papa a di M.” “Jouk Papa a montre M.” Jan 5:19: “Tout sa M wè Papa a ap fè, Pitit la fè l menm jan an.”

⁷⁹ Kounye a lè Li—Li vini, nou jwenn, nan kòmansman ministè Li, apre Li te fin pran twòn David la—la . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] Espiryèlman palan, nan . . .

Lè Sentespri a te vin sou Li nan batèm Jan an, pou L te vin Mesi wen an. Kounye a, sonje, Li te Fis de Dye lè Li te fèt. Li te Fis de Dye ne de yon vyèj. Men lè Li te vin Mesi a, se lè Sentespri a te vin sou Li, paske *Mesi* a vle di “sila ki wenn lan.” Ou wè? E Li te Sila ki wenn lan lè Sentespri a te vin sou Li. Nou te tande m preche sou *Ayo Ak Kolonm Lan*. Alò nou jwenn, lè Li . . . Apre karant jou tantasyon Li yo, Li te soti.

⁸⁰ Epi jan ministè Li te kòmanse, epi jan l te fini? Nou jwenn ke, nan ministè Li te gen yon nonm ki te rele Andre, ki t al kot frè l la, Simon, yon pechè, pou te mennen l bay Jezi. Epi Jezi te di l, te deklare: “Non w se Simon. Papa w rele Jonas. Apati de kounye a yo va rele w *Pyè*, ki vle di ‘ti wòch.’” Nou sonje sa? E nonm sa a te tèlman etone de sa Jezi te di l la!

Kounye a, èske Mesi a te sipoze fè sa? Konbyen moun ki konn sa, reponn: “Amèn.” Li te dwe Bondye-Pwofèt la. Wi, mesye. Moyiz te di: “Seyè Bondye w la va sisite yon Pwofèt ki sanble avè m. Sa va rive ke si yon moun pa vle tandè Pwofèt sa a li va disparèt nan mitan pèp la.”

⁸¹ Bon, apres la nou dekouvri, pita, Li . . . “Li te vin kot Pwòp pa L yo.” Kiyès sila yo te ye? Jwif yo, fason natirèl. “E konsa Pwòp pa L yo pa t resevwa L,” kifè Li te oblije lè sa . . . Kounye a sa te dwe al kote Moun lòt Nasyon yo, ou wè, paske Pwòp pa Li yo pa t resevwa L. “Men a otan kantite moun ki te resevwa L yo, Li te ba yo pouvwa pou vin pitit Bondye.” Kifè kounye a Li te tounen al jwenn Moun lòt Nasyon yo, e se te konsa, depi de mil lane. Men kounye a remake bagay ke L te fè.

⁸² Alò Filip, apre l te fin wè sa fèt, li te ale e li te jwenn Natanayèl, e L te di Natanayèl Kilès li te jwenn e kisa L te fè. E sa te etone l. Li te apèn ka kwè sa. Men lè l te antre nan Prezans Seyè Jezi a, lè l te jwenn kote L te ye a, li te antre nan Prezans Li, Jezi di: “Men yon Izrayelit ki pa gen riz nan li.”

⁸³ Kounye a, si nou te kanpe la, èske nou panse nou t ap ase espirityèl pou nou te sezi Kimoun sa te ye? Nou panse nou t ap ka fè l? Kounye a gade. Ou wè? Nonm sa a, yon senp Etranje, yon pe- . . . la, Li te ka yon pechè pwason. Li te yon bòs chapant, se sa L te ye. Nonm chapantye sa ki te kanpe la a, yon Nonm aj mwayen. Epi men nonm sa a ki t ap vini. Li gade l, tankou youn nan mesye sa yo la, pou di: “Men yon Izrayelit ki pa gen riz nan li.” Ebyen, kijan L te fè konnen li te yon Izrayelit? Se pat fason l te abiye a, paske yo tout te abiye menm jan. “Pat gen riz nan li.” Kijan L te fè konnen ke li te youn—you nonm san mekanste?

⁸⁴ Kifè sa te etone nonm sa. Antanke yon vrè kwayan, li te di: “Rabi,” oswa frè, predikatè, anseyan, “kilè W te janm wè m?” Ou wè, li t ap poze L kesyon.

⁸⁵ Li te reponn: “Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa a, M te wè w.”

Li di: “Ou se Fis de Dye a. Ou se Wa Izrayèl la.”

⁸⁶ Jezi di: “Paske M te di nou sa, kounye a nou kwè M? Men n ap wè pi gwo bagay pase sa a.”

⁸⁷ E se pou rezon sa a m kwè ke Legliz Bondye vivan an pral wè yon pi gran bagay pase sa a. Sa sou pwèn antre ladann kounye a, byento, ou wè, paske yo te kwè l. Sila yo ki te rejte l, poutèt baryè denominasyon yo, mwen doute ke y ap janm kwè anyen.

Ou wè? Bagay yo . . . Swa n ap mache nan Limyè a swa n ap avèg. Swa limyè a avegle, oswa li montre chemen an.

⁸⁸ Ti zwazo, m te jwenn yo, nan Estati Libète a. Asire w pou wè sa, Frè Thoms, lè w al la, ou wè. Ki t ap fann tèt yo, kont sa la. Epi m te mande: “Kisa k te pase?”

⁸⁹ Te reponn: “Olye pou yo te swiv limyè a, nan tanpèt la, an sekirite, yo t ap eseye etenn limyè a. Yo te touye tèt yo.”

⁹⁰ Sa se sèl bagay ki rive lè n ap goumen kont Limyè a, n ap touye tèt nou, espiritiyèlman. Jis mache nan Limyè a pandan ke Li nan Limyè a, lè sa nou va gen fratènite youn ak lòt, tout legliz yo va kwè epi va kontinye ap jwi benediksyon Bondye yo. Èske sa pa t ap mèveye?

⁹¹ Gade fanm Samaritèn lan lè l te vini. Li te yon Samaritèn, kounye a (pa yon Jwif), yon Samaritèn. E Li te di: “Ban M yon ti dlo.” Epi konvèsasyon an t ap kontinye.

Sa a se pou nouvo yo kounye a.

⁹² Epi konvèsasyon an t ap kontinye. Bon, li pa t konnen L antanke Mesi ditou. Li te jis yon—yon Nonm, yon Jwif. Ou wè kijan manzè te pale an premye? Li te di: “Ebyen, se pa abityèl pou nou menm Jwif ap pale ak yon fanm Samaritèn konsa.” Li te di: “Nou pa gen okenn relasyon youn ak lòt.”

⁹³ Li te reponn: “Men si w te konnen ak Kiyès w ap pale a, ou t ap mande M pou ba w dlo. M t ap pote pou ou, t ap ba w dlo, ke w pa vin tire isi a.”

⁹⁴ Enben, manzè te di: “Bon tann yon minit.” Li te di: “Nou adore sou montay sa, e—e noumenm Jwif nou adore nan lavil Jerizalèm.”

⁹⁵ Jezi te di: “Men lè a rive kote—kote w pap adore ni nan Jerizalèm oswa sou mòn sa, men an Espri. Paske Bondye se yon Espri, e sila yo k ap adore L yo dwe adore L an Espri e an Verite.” Ou wè? Ebyen, Li te kontinye, ap pouswiv konvèsasyon an jouk Li te dekouvri kote pwoblèm li te ye. Ebyen, nou konn ki pwoblèm li te genyen? Èske gen moun ki konn kisa ki te pwoblèm ak fanm bò kot pwi a? Li te gen twòp mari, pa vre? Kifè Li te di l: “Al chache mari w epi vin isi a.”

Manzè te reponn: “M pa gen ankenn mari.”

⁹⁶ Li te di: “Se vre. Ou te gen senk, e sa w ap viv kounye a avè l la li pa pou ou.”

⁹⁷ Li di: “Mesye!” Kounye a obsève l. “Mesye, mwen sispèk Ou se yon Pwofèt.”

Si nou konsilte nòt anba nan espas maj sa a, n ap jwenn li. “Mesye,” nan orijinal la, “Ou se, mwen sispèk, ke Ou se Pwofèt sa a.” Sonje, nan Bib la, sa kontinye ap di: “Profèt sa, èske Ou se ‘Pwofèt sa?’” Ki Pwofèt sa te ye? Sila ke Moyiz te di ki t ap sisite a.

“Mwen sisipèk Ou se yon Pwofèt. Bon, yo te anseye nou, e nou konnen lè Mesi a vini, Li va fè bagay sa yo.” Se te siy Mesi a. Pa vre? Pou konnen kisa pwoblèm li te ye. Li te di: “Nou konnen lè Mesi a vini, Li va di nou bagay sa yo. Men Kimoun Ou ye?”

Li te reponn: “Mwen se Li, k ap pale avè w la.”

⁹⁸ Li te kite krich dlo l la, li te kouri al nan vil la, mwen imajine, jis ap kenbe kè l, pou ap di, ap kenbe men l sou lestomak li k ap ponpe, ap di: “Vin, wè yon Nonm Ki te di m bagay ke m te fè. Èske se pa Mesi a menm? Èske se pa Sila a menm ke Bib la te di ki t ap vini an? Se yon Jwif ki chita lòtbò a, jis yon Nonm òdinè, li sanble ak yon chapantye. Men Li te di m ke m te gen senk mari, e nou tout konnen ke se laverite. Sa dwe Mesi a.” Pa vre?

⁹⁹ Kounye a, Jezi di: “Anvan lontan ankò, yon ti espas nan tan an, lemonn p ap wè M ankò. Men, nou menm n ap wè M, paske M ap avèk nou, menm nan nou. E zèv ke M fè yo n ap fè yo tou. N ap fè plis menm, ke sa M te fè isi a, paske m pral jwenn Papa a, ap retounen sou fòm Lespri a.”

Sakrifis la te peye. Semans Wayal la te mouri; Semans Wayal la te resisite. Kounye a Legliz la kanpe jistifye, pou ap kwè sa, e Semans Wayal la ka antre nan moun sa yo epi menm fè yo eritye ansanm, pitit gason ak pitit fi Bondye.

¹⁰⁰ Kounye a, pou rès nan nou la a, ki pa nan liy priyè sa, M te di l pou jis bay kat a moun ki . . . lè m te rele l maten an. Li te rele m, li te di: “Ou vle desann epi m pral distribye kèk kat, papa?”

¹⁰¹ Mwen te di: “Si gen omwens dis moun ki sot aleksteryè tabènak la.”

¹⁰² Kounye a, pafwa nan tabènak la m konn rele yo pou ba yo kat priyè. Nou konn retounen, pou di: “Ebyen, li te konnen yo. Yo fè pati de tabènak la. Li te konn kondisyon yo. Sèten.”

¹⁰³ Alò mwen konn fè lekotrè, mwen konn di: “Jis sa yo ki sot aleksteryè tabènak la, vini. Trè byen. Nou menm ki pa fè pati de tabènak la, se nou menm k ap vin nan liy priyè a.”

¹⁰⁴ “O, nou pa konnen yo,” moun tabènak yo konn di. “Nou pa konn kisa pwoblèm yo ye. Li te ka bay manti sou sa.” Ou wè?

¹⁰⁵ Alò mwen konn di: “Piga ankenn moun vini. Kite Sentespri a chwazi sa yo ki anndan isi a ki pa fè pati de tabènak la, ki jis chita la a.” Malgre sa, ou jis . . .

¹⁰⁶ Pa gen okenn fason ditou, pou mennen yon nonm bay Bondye, sòf si li predestine pou vin yon pitit Bondye. Jis pa gen okenn fason pou fè l. Jezi di: “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen si Papa M pa atire l.” E sa se Laverite. Tout sa Li te fè, te gen yon bagay kontrè. “Si L te fè l fason sa, li te sipoze fason sa. Epi fason sa, li te sipoze retounen fason sila.” Ou wè, se jis enkredilite. Men sa jès la jistifye ak timoun li yo. Kifè, nou menm, nou wè.

107 Bon la, m ap eseye di a—a kongregasyon moun yo, sa, ke Jezikri te Semans Wayal sa. Se pa nou; se Li. Nou jis eritye sa, men tout bagay se pa nou. E si nou te la a jou sa lè Simon te vini? E, nou menm, san pèsonn. . . Se premye bagay Li te janm fè.

108 Kounye a, se pral premye bagay pou moun sa yo, si L fè sa. Yo pa t janm wè l anvan.

109 Men lè Simon te vini, yon vye pechè, pa t gen ase edikasyon pou siyen non l sou yon moso papye. Bib la di li te “inyoran e san enstriksyon.” E se yon konjonksyon. Toulède, “inyoran e san enstriksyon.” Epi apres la lè L te valse, an siy, yon fòs. . . Jezi, Jezi te di: “Non w se Simon.” Kisa nou kwè li te panse? Kisa nou t ap panse si nou te kanpe la? “E non papa w se Jonas. E dezòmè yo va rele w Pyè.” Kisa—kisa nou t ap panse? Èske Nonm lan t ap li panse l? Ebyen, kisa nou t ap panse? Èske nou t ap panse ke se te siy Mesi a?

110 Si se siy Mesi a nan yon aj, sa dwe siy Mesi a, dezyèm aj, twazyèm aj, katyèm aj. Chak aj dwe menm lan, paske Bondye pa ka chanje. E konbyen moun ki konnen ke Mesi a se te Bondye? Se sèten. Se te Wen an. Se sèten. Kifè Li pa ka chanje. Li dwe rete menm lan.

111 Se pou rezon sa Li te dwe temwaye menm bagay la pou Samariten yo jan L te fè pou Jwif yo. Paske, twa nasyonlite moun se Kam, Sèm, ak Jafè; Jwif, Moun lòt Nasyon, ak Samariten.

112 Kounye a, nou remake Sentespri a? Konbyen moun ki konnen Pyè te gen kle Wayòm lan? Èske nou te remake? Li te louvri l Jou Pannkot la, pou Jwif yo. Filip te desann e li te preche Samariten yo, epi li te batize yo nan Non Jezikri, men Sentespri a potko vini sou yo. Yo te oblije voye chache Pyè, ki te poze men l sou yo e yo te resevwa Sentespri a. Èske se vre? Epi kay Kònèy, Moun lòt Nasyon yo—yo te resevwa L. Se te fini. Depi lè sa a, li jis louvri pou tout moun kounye a. Kifè men ni, ou wè, Li te dwe louvri l. Bondye gen fason pou fè bagay yo.

113 Kounye a, maten an, si Sila a Ki te bay Semans lan Pwomès la, e si semans lan chita la. . . Mwen vle kwè ke se nou chak. Si Semans lan chita la, se sèten Semans lan ap wè Pwomès la. Kounye a, chak nan moun sa yo ki kanpe isi a te leve men yo, yo pa t menm janm asiste reyinyon yo anvan. Yo se dè zetranje pou mwen. Mwen pa konn youn nan yo. Yo jis antre isi a. Gen kèk minit de sa, Billy te ba yo yon kat priyè, e men yo ki kanpe la. Gen anpil nan nou deyò a la, ki te leve men nou, ke nou pa t gen kat priyè, e nou te toujou etranje isi a. Sa pa gen anyen pou wè ak sa. Nou jis kwè ke nou eritye pwomès sa. Nou jis kwè ke ak blesi L yo nou te geri. Epi kwè sa ak tout kè nou, pou ap siveye Li.

114 Sèl bagay don sa a ye, se jis soumèt tèt ou ba Li. Mwen pa di anyen; Li fè konvèzasyon an. E si Se Espri pwofesi Li, pwofèt

la te toujou gen ENSI DI SEYÈ A. Sa te toujou kòrèk. Epi pa kesyone Doktrin lan, paske l ap an liy ak Bib la, si se Bondye. Bondye pa ka di yon bagay, epi retounen sou li pou ap tòde l. Li dwe menm bagay la tout tan.

¹¹⁵ Kounye a, nou menm laba, nou kwè. Ak tout sa ki nan nou, nou kwè. Kounye a piga nou deplase. Jis chita byen trankil kounye a, tout moun.

Jis osi lantman epi dousman ke posib.

Sa bay ke, maten an, premye moun ki kanpe la se yon nonm. Kounye a nou pral pran Ekriti sa a.

¹¹⁶ Kounye a èske nou wè kote m kanpe? Konbyen moun ki ka konprann sa? Men gason ak fanm ki kanpe la, ke m pa t janm wè, nan vi m. Yo pa t janm vin nan reyinyon an, e nou wè kote yo kanpe. Yo pa konn sa k pral rive. M pa konn sa k pral rive. Men Bondye te pwomèt li. Abraham pa t konn kisa k ta pral rive lè l te soti kouto a pou sakrifye Izarak, men Bondye te fè pwomès sou li. Sa te regle. Li te resevwa l tankou youn ki soti nan lanmò, konsyan Li te kapab resisite l soti nan lanmò. Èske se vre? Kifè sa regle kesyon an.

¹¹⁷ Kounye a, men yon nonm ki kanpe bò kote m, m pa t janm wè l, m pa konn anyen sou li. Nou se etranje youn pou lòt. Nou pa konn youn lòt. Bondye konnen nou toulède.

Kounye a, ak yon don Diven, si m kapab jis ak yon don. . . Bon, don sa yo ne nan ou. Bondye te predestine l anvan fondasyon mond lan. Konbyen moun ki konn sa? Kifè se pa t ap anyen m te genyen, pou m te pran don an. Bondye te jis chwazi sa. Mwen pa t janm chwazi sa. Li te chwazi sa. Ou wè? Tankou pwofèt Ansyen Testaman yo, ak diferan moun yo, yo te predestine pou fè l, pou fè sa.

¹¹⁸ Kounye a, si nonm lan malad, mwen pa t ap ka geri l. Si nonm lan nan bezwen, sa t ap depann de sa l te bezwen pou m te ka ede l ou non. Petèt, si se te yon bagay youn lòt tankou limenm. . . youn ti bagay mwen te ka ede l fè, enben, m t ap kontan fè sa. Petèt li gen yon move tanperaman. Petèt li pa menm yon Kretyen. Petèt li se yon Kretyen. Petèt li se yon twonpè. Mwen pa konnen. E si l te jis yon trèt, youn ki glise antre, epi ki vin isi a epi jis fè tèt li soti tankou youn gwo zafè? Gade sa k ap pase, ou wè, jis—jis gade sa k ap rive. M pa konnen.

¹¹⁹ Men, ou wè, ou kanpe la, alò ou ka kanpe kòrèkteman, konsyan ke Bondye te fè yon pwomès, Bondye kenbe pwomès Li. Ou wè? Kounye a, si Bondye kenbe pwomès Li, ant, isi a la menm, e moun sa yo; konbyen laba ki pral chita laba, e ak tout kè nou n ap kwè sa? Ak tout kè w, ou pral kwè? Alò ou jis kwè mwen.

¹²⁰ Kounye a ann wè. Ann pran yon Ekriti. Kounye a, Simon Pyè te vin kote Seyè Jezi. Epi pandan l t ap rive kot Seyè Jezi, Seyè Jezi te di l kimoun li te ye, e—e li te di l dè bagay sou lavi li.

Ebyen, menm Jezi sa ap viv jodi a. Li . . . Èske nou kwè Li resisite soti nan lanmò? Èske nou kwè Lespri Mesyanik la ap viv drèt nan Legliz, jodi a, jis menm jan Li te toujou fè l? Trè byen.

¹²¹ Kounye a, noumenm ki nan oditwa a, ki pa gen kat priyè, gade nan direksyon sa epi di: “Seyè!” Natirèlman, pa gen okenn kat priyè nan oditwa a, mwen genyen yo tout kanpe la. Noumenm nan oditwa a di: “Seyè, touche m Oumenm.” Chache konnen sa k rive. Chache konnen sa k rive . . . ? . . .

¹²² Kounye a, mesye, si te gen yon fason nan mond lan pou ede w, mwen t ap fè l. Ou wè, mwen jis, nou jis etranje isi a, e mwen—mwen rankontre w pou premye fwa. Men mwen responsab, antan ke minis, pou m di Laverite epi pou vin yon temwen Jezikri. E, kounye a, mwen pa vle w di m anyen. Mwen jis vle w reponn mwen si se laverite ou non, epi apre kite L fè l. E si L ap opere menm fason an la sou estrad la, atravè kò sa a, jan L te fè atravè kò Jezi a!

Sa se Bondye, nan Kris. Jezi di: “Mwen pa fè anyen jouk Papa a, ki nan Mwen an, pa montre M li. Li di M kisa pou m fè.” Kifè se pa t Jezi ki t ap pale ak fanm lan. Se te Papa a, nan Li, ki t ap pale ak fanm lan. Se te—se pa t Jezi ki te konnen kilès Simon Pyè te ye, se te Papa a ki te abite nan Li, ki te konnen kilès Simon Pyè te ye. Se tou. Ou wè? Se tou.

¹²³ Mwen ka di w, kounye a, ou se yon Kretyen, wi, mesye, paske ou gen yon—yon—yon espri akeyan k ap vibre chalerezman. E, li, li se yon kwayan. Li se yon Kretyen. E w ap soufri ak yon kondisyon nè ki ba w yon pwoblèm lestomak. Èske se vre? [Frè a di: “Se vre.”—Editè a.] Ou wè? Ou wè? Kounye a, sa egzak. Kijan sa te fèt? Kijan m te fè konn sa? Kijan m pa ki mwayen m t ap janm konn sa? Nou pa t janm wè youn lòt anvan. Se vre. Èske se pa sa? [“Se vre.”] Petèt L ap di w yon lòt bagay sou oumenm. M ap di w. Men yon bagay. Mwen wè yon fanm bò kote w. Li avèk ou. Se madanm ou. Manzè tou bezwen èd, tou. Wi, msye. Ou kwè Bondye ka di m la sa k pa va ak madanm ou? [“M konnen Li kapab.”] Trè byen, mesye. Li te gen pwoblèm kè, konplikasyon. Se vre. Èske se pa sa? Pwoblèm nè, tou. Wi, mesye. Kounye a, ou pa vin de vil sa a. Ou retounen nan direksyon sa lè w pral lakay ou, ale nan direksyon Cincinnati. Se vre. Ou soti Cincinnati, Ohio. Non w se Milliken. Retounen, retounen lakay, geri. Seyè a va beni w e ou va geri, oumenm ak madanm ou. Bondye beni w.

Vini non, mesye. Ou kwè? Kounye a jis gen lafwa. Pa doute.

¹²⁴ Kounye a se pou nou vrèman gen respè. Kounye a tout moun jis dwe vrèman gen respè, rete trankil. Ou wè, Sentespri a tèlman timid. Konbyen moun ki konn sa? Jis vrèman timid, Sentespri, ou wè, jis nenpòt ti deranjman an nwi L.

¹²⁵ Dapre doktè yo, ou dwe mouri touswit, ak yon pwoblèm kè. Se vre. Ou vin isi a soti Chicago, Mesye. Mosley. Non ou se

Theodore. Ou kwè Bondye? [Frè a di: “Wi.”—Editè a.] Alò al lakay epi viv, nan Non Jezikri, epi ke w geri. Bondye beni w.

126 Ou kwè Bondye? [Sè a di: “Se sèten. Wi, mesye.”—Editè a.] W ap soufri ak yon kondisyon nan janm ou. Ou soti andeyò vil la, tou. Ou soti Owensboro, Kentucky. Non w se Madam. Lamb. Retounen lakay ou epi ke w geri.

127 Dam lan ki chita la menm, ki soti Owensboro tou. Ou gen yon absè sou sen w la. Yo te sipoze opere l, demen. Ale, kwè, epi viv.

128 Èske w kwè, mesye? [Frè a di: “Wi, mwen kwè.”—Editè a.] Nou se etranje youn pou lòt. Non w se Mesye. Gilmore. Se vre. Ou soti Anderson, Indiana, kote gwo mouvman Legliz de Dye a ye. Se vre. Ou kanpe isi a pou pittit fi w ki aflije yon bò. Li paralize yon bò. Ou kwè? Alò al lakay ou epi al jwenn li fason ou kwè a. Dakò. Bondye beni w. Gen lafwa. Kwè.

129 Ou kwè ak tout kè w, mesye? [Frè a di: “Wi, mesye.”—Editè a.] Ou sot Indianapolis. Ou se yon minis Levanjil la. Sa se madanm ou. En-en. L ap soufri tou. Li gen pwoblèm gagann nan gòj la. Doktè a . . . Gen pwoblèm kè; on tijan sou lènè. M wè manzè soud nan zòrèy li. Kisa . . . Vini isit la.

Ou menm lespri soud, nan Non Jezikri, mwen mande w atravè Bondye vivan an, soti kite fanm lan.

Kounye a ou ka tandè m byen kounye a. Toulède nou ka al lakay nou pou vin geri. Retounen lakay nou. Nou tandè m, nou geri. N ap anfòm.

130 Ou kwè ak tout kè w? Jis gen lafwa nan Bondye. Kwè.

131 Vye atrit ak zafè sa se yon move bagay terib. Ou kwè Bondye ap geri w? Alò mache dwat desann la. Al lakay ou, ap louwe Non Li, pou ap di: “Mèsi, chè Seyè Jezi.”

Rezon ki fè mwen te sezi sa tèlman vit, fanm sa te gen menm bagay la, atrit.

Ou kwè ke Bondye ap geri w? [Frè a di: “Wi.”—Editè a.] Trè byen, mesye. Alò jis mache drèt la, epi di: “Mèsi, Seyè Jezi,” epi al lakay ou.

132 Trè byen, sè, jis vire epi retounen, epi kwè. Jenou w yo rèd, se la, ak pwoblèm kè w la, e latriye. Jis vire epi retounen al lakay ou, di: “Mèsi, Seyè Jezi,” e ke w geri. Kwè ak tout sa ki nan ou.

133 Ou kwè? E konsènan deyò a la, kèk nan nou moun yo, nou kwè?

134 Ti dam ki chita la, ak cheve nwa, ki gen epilepsi, ou kwè ke Bondye ap geri w? Akseptè l? Trè byen. Si w vle, Li va fè l.

135 Men yon predikatè chita, ki chita la, ki vle yon mach pi pwòch ak Bondye. Se pa sa, mesye? Ou kwè Bondye ap fè l pou ou? Leve men w epi di: “Mwen akseptè l.” En-en.

136 Dam sa ki chita la, ki te bese men l. Li gen pwoblèm espiritiyèl l ap panse a sa. Se vre.

137 Men yon ti dam la, k ap mande si l pral gen bebe l la. Se vre. Ou te nan youn nan reyinyon m yo. Mwen te pwomèt ou, atravè Bondye, yon ti bebe. Pa vre? Trè byen. Alò al lakay ou epi genyen l. Pa enkyete w pou sa ankò.

138 Èske nou kwè ak tout kè nou, nou tout? Nou chak nou kwè? Semans Abraham lan ap posede pòt la, pòt lènmi an. Èske nou se Semans Abraham, atravè Jezikri? Leve men nou si nou se sa.

Alò poze men w sou vwazen w, sou vwazen kote w, youn poze men sou lòt. Poze men nou youn sou lòt. Posede pòt la kounye a. Se pa w. Se pou ou. “Priye lafwa va sove malad la. Bondye va relve yo.” Trè byen, priye nan pwòp fason pa w. Priye fason w fè nan legliz ou. Priye pou moun ki avèk ou kounye a. Mete men nou youn sou lòt epi priye.

139 Seyè Jezi, nou vin nan gran Non Toupwisan Semans Wayal la, Semans Abraham lan, ke Yo te pwomèt li sou mòn kote Ou te founi yon ayo; e ayo sa te plase nan dezè a, yon bagay misterye, menm jan Ou te fè pou ekirèy sa yo, yè.

M priye, O Seyè Bondye, ke W va voye pwisans, lafwa. Epi kite chak Semans. . . M konnen y ap fè l, Seyè, paske Ou di: “Semans Abraham lan.” E si te gen kèk isi a ki t ap pretann yo se Semans lan, epi ki pa Semans lan, padone yo pou entansyon yo la, oswa pretansyon yo. E ke Sentespri a nan moman sa a menm anflame nanm yo ak lafwa vivan. Pèmèt Sentespri a antre nan chak kè epi geri tout moun isi a. Yo gen men yo youn sou lòt.

Semans Wayal la di: “Siy sa yo va swiv sila ki kwè yo. Si yo poze men sou malad yo, malad yo va geri.” E Sila Ki te fè pwomès la prezans kounye a menm, ap montre Tèt Li ke Li isi a. Men Semans lan ak men yo youn sou lòt. “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.” Ke Sentespri a repann nan chak men, desann nan kè moun yo, nan kò yo, epi geri tout moun ki nan Prezans Divin lan. Akòde l, Seyè.

Mwen reprimande dyab la. Mwen reprimande tout enkredilite. Mwen reprimande tout movèz espri. Mwen reprimande tout sa ki pretann. Mwen reprimande tout bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a. E kite Sentespri a pran plas Li nan kè moun yo, kounye a menm, atravè lafwa. Ke tout maladi ak tout malèz, tout afliksyon kite moun yo, nan Non Jezikri. Amèn.

140 Kounye a, Semans Abraham la, ou menm ki nan desandans wayal la, ou menm ki nan pwomès la, avèk gras ak èd Bondye, konbyen nan nou ki ka leve men nou, pou di: “M resevwa sa m te mande a”? Mèsi. Se tou. Se pou sa pwomès la te fèt. Se pou sa pwomès la te bay, pou ke nou te ka eritye tout bagay, atravè Jezikri Ki te sove nou. Li sove nou anba peche. Li sove nou anba maladi. Li sove nou anba lanmò. Li sove nou anba lanfè. Li sove nou anba tonbo.

¹⁴¹ Nou di: “Frè Branham, men nou tout pral nan tonbo.” Men tonbo a pa ka kenbe nou. Li te afwontel, tou, men li pa t ka kenbe L. Sètènman. Li pa ka kenbe L.

¹⁴² “Ebyen, Frè Branham, mwen tèlman tante.” Li te tante, tou. Men Li te sove w anba tantasyon.

¹⁴³ “Pa mennen nou nan tantasyon, men delivre nou anba mal la.” Ou wè, Li te fè sa. Tout nèt se pa nou. Tout bagay se pou nou, atravè Jezikri. Li ba nou tout bagay, gratis. Pa gen anyen pou peye, ni anyen lòt pou fè. Sa jis pou nou kounye a menm. Èske nou pa kontan pou sa? Èske nou pa kontan pou Li? Mèsi pou Bondye.

¹⁴⁴ Kounye a, ap gen sèvis, sa, aswè a. Wi. Se aswè a, setè trant aswè a. M ap kite pastè a pale nou de sa. Vini. Vini.

Kounye a, dimanch maten pwochen, si bon Seyè a vle, m ap tounen pou m priye pou malad yo, nan tabènak la, oswa nenpòt kote. 🙏

59-1108 Posede Pòt Lènmi An
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souplè:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org